

POU OUMENM AK TIMOUN YO VAKSINEN!

Mizajou Vaksen yo: Rankontre Mirabel (nan Encanto), Dezyèm Rapèl e plis ankò

Yon lòt Rapèl:

Si w gen 50 an oswa plis, ou ka resevwa yon dezyèm piki rapèl, kat mwa apre premye rapèl ou a. Gen kèk moun ki gen iminitè ki kalifye tou. [Chèche konnen detay yo ak tout kote ou ka jwenn rapèl ou a.](#)

Klinik espesyal pou vaksen pou fanmi yo:

Rejwenn nou 30 avril (nan CHA Somerville Pediatrics) soti 9 AM - midi. Tout fanmi an ka pran vaksen an - premye dòz, dezyèm dòz oswa rapèl, selon kalifikasyon ou. Rankontre Mirabel nan fim Encanto epi gen krèm glase gratis. Chak moun ki pran vaksen an tou resevwa yon kat kado \$25! [Swa san randevou oswa anrejistre isit la.](#)

Poukisa pran vaksen oswa yon lòt rapèl kounye a?

Enfeksyon COVID-19 ap monte ankò nan Nòdès la, e pran yon vaksen/rapèl se pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Nan CHA, nou ankouraje tout moun ki gen 5 ane oswa pi gran pou yo pran vaksen. Sa espesyalman enpòtan si oumenm oswa yon moun lakay ou granmoun oswa gen yon kondisyon ki mete yo nan risk pou yon gwo maladi.

Enskri isit la



Èske w te konn finen? Oswa, èske ou finen kounye a?

Yon tès depistaj poumon rapid e fasil ka sove lavi ou. Si ou finen, oswa ou te konn finen, epi ou gen ant 50 ak 80 ane, ou ka kalifye pou tès depistaj sa a. Gade ti videyo sa a epi jwenn plis enfòmasyon. Oswa vizite challiance.org/lungscreening pou jwenn enfòmasyon ou bezwen an.



Seu ombudsman é o “My Ombudsman”. Espere, o que é ombudsman?

Yon medyatè ede moun jwenn repons ak rezoud pwoblèm yo. Si w genyen MassHealth, ou ka itilize pwogram gratis “[Medyatè mwen an](#)” pou reponn kesyon sou benefis ak sèvis plan yo, jwenn èd ak yon lèt refi, oswa jwenn èd pou rezoud pwoblèm yo. Yo sipòte nenpòt moun ki enskri nan yon plan sante MassHealth, tout laj, idantite, ak kapasite nan plis pase 165 lang sou demann, tankou ASL. [Jwenn plis enfòmasyon sou entènèt.](#)